



Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 2 MILYON DOLA POU KONPETISYON BIZNIS IDEA NY

Nouvèl Konpetisyon an Pral Ankouraje Antreprenarya epi Akselere Inovasyon nan Mohawk Valley

Investisman an Pral Sipòte Kreyasyon Biznis Komèsyal ki Vyab yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te bay Griffiss Institute 2 milyon dola pou sipòte IDEA NY, ki se yon konpetisyon akseleratè biznis ak pwogram douz mwa ki pral ankouraje antreprenè ki pwometè yo kreye epi devlope biznis komèsyal vyab yo nan rejyon Mohawk Valley an. Pwogram Akseleratè Antreprenaryal Inovasyon ak Devlopman NY (Innovation and Development Entrepreneurial Accelerator NY, IDEA NY) Mohawk Valley an pral konsantre sou endistri Sekirite Enfòmasyon, Gwo Done, Sistèm Enfòmasyon ak Sistèm Ayeryen San Ekipaj (Unmanned Aircraft System, UAS) yo. Li pral ajoute tou sou Akademi Komèsyalizasyon Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryèn nan (Air Force Research Laboratory Commercialization Academy, AFRL Commercialization Academy) ki te reyisi an - ki se yon lidè nasyonal pou fasilite transfè teknoloji militè yo pou vin sou espas mache komèsyal la. Prim nan te rekòmande pa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a (Mohawk Valley Regional Economic Development Council, MVREDC).

“Konpetisyon biznis IDEA NY lan pral atire antreprenè nan Mohawk Valley epi favorize biznis inovatif yo nan sektè ki ap devlope rapidman yo nan ekonomi 21yèm syèk nan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Atravè aksè a teknoloji global ak pwogram fòmasyon yo, patisipan yo pral kreye pwochè jenerasyon biznis yo ki ap pouse devan ekonomi rejyonal lan.”

“Nouvèl konpetisyon sa a pral ede atire biznis epi favorize inovasyon nan rejyon Mohawk Valley an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa a pou konpetisyon biznis IDEA NY lan pral devlope endistri teknoloji ki nan zòn nan epi kontinye sipòte antrepriz pwometè yo ak devlopman ekonomik nan 21yèm syèk lan.”

Griffiss Institute se yon òganizasyon 501(c)(3) ki ap defann epi fasilite kowoperasyon endistri prive, akademi ak Direktora Enfòmasyon (Information Directorate) Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryèn nan, nan devlope solisyon pou pwoblèm sekirite enfòmasyon kritik yo. Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryèn nan gen yon pòtfèy ki gen prèske 100 patant ke

antreprenè yo ka ekstrè ladan yo teknoloji pou konstwi biznis, ak laplipa ki ap gen divès aplikasyon nan domèn Sistèm Ayeryen San Ekipaj yo, analitik done yo/Entènèt Bagay yo, ak sekirite enfòmatrik.

“Mwen kontan anpil pou sibvansyon sa! An konesans mwen, sa se egzanp ki pi konsiderab de nenpòt eta ki ap fè ekip ak yon laboratwa nasyonal pou kreye nouvo biznis, nouvèl pòs travay, ak kwasans ekonomik”, **se sa William Wolf, Prezidan Griffiss Institute, te deklare.** “IDEA NY pral bay bourad a antreprenè ki talantye yo pou kreye nouvo biznis, isit la nan Mohawk Valley. Pou ajoute sou Akademi Komèsyalizasyon AFRL lan ak rekò 45 nouvo jèn konpayi li pwouve a nan kat dènye ane yo, pwogram akseleratè IDEA NY lan pral atire vizyonè ki menm pi kalifye yo nan rejyon nou an.”

Sibvansyon an pral pèmèt Griffiss Institute bay lajan demaraj pou antreprenè ak biznis yo sou yon peryòd twa ane, ak 2 gwoup ki gen jiska 10 ekip pa ane ki ap rivalize pou finansman IDEA NY lan. Ekip yo pral antre nan pwogram enkatè biznis Akademi Komèsyalizasyon Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryèn nan, epi rivalize pou 300,000 dola nan peyi finansman demaraj yo, ak 200,000 dola ki pral pou venkè jeneral lan ak 100,000 dola pou dezyèm plas lan. Rès ekip yo pral resevwa jiska 8,000 dola nan lajan pri “konsolasyon” yo pou ka ranbouse depans ke yo te fè pandan pwosesis enkatasyon yo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley an te gide prèske 5 milyon dola nan investisman pou pwojè ki an rapò ak Ayewopò Entènasyonal Griffiss (Griffiss International Airport), teknoloji enfòmatrik ak UAS yo, sa ki byen itilize plis pase 22 milyon dola nan investisman total depi an 2011. Lè li rekòmande prim nan pou IDEA NY, ki fè pati Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative), MVREDC te ranfòse angajman li te pran pou sipòte kwasans ak reyisit antreprenè teknoloji enfòmatrik ak Sistèm Ayeryen San Ekipaj yo ki ap travay nan rejyon an.

De ekip ki ranpòte viktwa yo pral lè sa a patisipe nan pwogram long IDEA NY pandan tout ane a, kote yo pral bay yo asistans teknik pou ede yo devlope biznis yo. Ekip sa yo pral loje nan Griffiss Institute, epi yo pral egzije ekip yo abite nan Mohawk Valley pandan omwen yon ane.

Griffiss Institute ansanm ak patnè li yo pral rekrite ekip yo atravè rezon lokal ak nasyonal aktyèl yo. De venkè pri yo pral pran angajman pou deplase biznis yo pou vin nan Mohawk Valley pandan omwen yon ane. Yon aplikasyon pral an dirèk nan dat 11 Septanm sou www.griffissinstitute.org.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Konpetisyon IDEA NY lan pral favorize kwasans ti biznis yo ki nan endistri ki vital yo tankou sekirite enfòmatrik, pandan ke li ap prepare epi fòme antreprenè yo ki nan Mohawk Valley”.

Senatè Joseph Griffo te deklare, “Li enpòtan pou nou kontinye chèche fason inovatif pou ede antreprenè yo devlope biznis yo. Pwogram IDEA NY lan gen potansyèl pou alimante epi devlope nouvèl lide yo nan yon varyete endistri ki an rapò ak teknoloji isit la

nan Mohawk Valley, epi pou bay antreprenè yo yon resous ki ka asiste yo nan mete biznis yo sou pye epi ap fonksyone”.

Senatè James L. Seward te deklare, “Mohawk Valley gen yon tradisyon rich nan manifakti ak konpayi ak anplwaye ki devwe nan ekselans. Pandan ke pandil ekonomik lan ap balanse nan direksyon teknoloji, reyon an yon lòt fwa ankò sipase konpetisyon an ak nouvèl antrepriz ak lide yo ki pran devan. Pwogram IDEA NY lan pral sèvi kòm yon platfòm lansman pou pwochèn vag biznis Mohawk Valley yo, epi mwen ankouraje antreprenè ki gen aspirasyon yo pou vin patisipe nan konpetisyon inik sa. Mwen voye remèsiman mwen bay Gouvènè Cuomo, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley an ak Griffiss Institute poutèt yo ap fè vanse pwogram konsiderab sa sou plan rejyonal”.

Chèf Egzekitif Konte Oneida, Anthony Picente, te deklare, “Kreyasyon konpetisyon IDEA NY lan se yon fason ki fantastik pou ankouraje inovasyon epi divèsifye antreprenarya pami endistri gwo teknoloji ki ap boujonnen an nan Konte Oneida ak Mohawk Valley. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt finansman li bay pou lanse inisyativ sa epi mwen espere wè rezilta li pral pote yo”.

Majistra Rome lan Jacqueline M. Izzo, te di, “IDEA NY Mohawk Valley an ap ajoute sou reyisit inisyativ Akademi Komèsyalizasyon AFRL yo ak faktè ekonomik idantifye nou yo nan endistri Sekirite Enfòmasyon, Gwo Done, Sistèm Enfòmasyon ak UAS yo ki ap bay yon rezo ekonomik pou ka ankouraje pi plis yon konpozan antreprenarya ki djanm pou ede ranfòse epi devlope biznis yo sou plan lokal pou ka sipleman ekonomi nou an. Nou chans pou nou gen yon Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryèn klas mondyal ki nan lakou nou, yon bagay inik epi ki diferan ke nan anpil lòt vil atravè Amerik, epi pwogram tankou IDEA NY Mohawk Valley a yo pral asiste antite ki ap pran risk nan biznis yo nan fiti pou ka tire tout avantaj de teknoloji militè modèn ke yo te devlope nan AFRL yo pou ka chèche nouvèl lide ak estrateji biznis yo, epi pi enpòtan ankò favorize epi alimante nouvèl teknoloji sa yo isit la nan Rome ak Konte Oneida apati itilizasyon zouti ki disponib yo nan Griffiss Institute”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)